Buleen di ŋàññ sama àndandoo yi, bu kenn ci yéen joxe woon lu toll ne Uhud ci wurus du jot Muddub kenn ci ñoom, waxumalaak xaaj ba

Jële nañu ci Abuu Sahiid Al-Xudriyu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Buleen di ŋàññ sama àndandoo yi, bu kenn ci yéen joxe woon lu toll ne Uhud ci wurus du jot Muddub kenn ci ñoom, waxumalaak xaaj ba».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na ñuy ŋàññ Sahaaba yi, rawati na ña jiitu ca way-gàdday ya, ak lansaar ya ; mu xamle ne bu kenn ci nit ñi joxe woon lu toll ni doju Uhud ci wurus du jot yoolub joxeg kenn ci Sahaaba yi Muddub ñam walla xaaj ba Mudd mooy loxob nit ku yam-; li ko waral mooy seen ug sellal, ak seen yéene ju dëggu, ak seen ug jiitu ci joxe ak xeex njëkk ubbiteg Màkka.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/11000